



Kontrasepsyon an Ijans apre yon Agresyon Seksyèl: *Senk Faktè Kle pou Sivivan yo*

Depatman Ijans (emergency departments (EDs)) lopital yo nan Massachusetts dwe ofri kontrasepsyon an ijans (EC) ak enfòmasyon sa yo ki medikalman egzat a tout fanm ki sibi yon agresyon seksyèl menm si yo pat al pote plent lapolis oswa yo pat ranpli kesyonè pou moun yo fè kadejak sou yo.
Si yo pa t ba w grenn (EC) lè w tal nan ED, tanpri al gade nan pwòchèn paj apre a pou èd.

1 Metòd planin ki ka ede w pa ansent apre agresyon seksyèl, kadejak, oswa w te fè bagay san pwoteksyon rele Kontrasepsyon an Ijans (Emergency Contraception, EC).

- Si w pran grenn EC oswa yon IUD (yon dispozitif yo mete andedan w) an ijans tou swit apre yon agresyon seksyèl pi bonè ke posib, sa ka **redwi chans ou pou w pa ansent.**
- Tou de metòd EC yo efikas **jiska 5 jou (120 èdtan) apre yon agresyon seksyèl oswa kadejak.** Kèkfwa yo rele EC "grenn pou w pran demen maten an" men l pi bon si w pran EC pi bonè ke posib.

2 Ou ka pran EC la san danje epi l efikas.

- Gen plis pase 30 ane depi **plizyè milyon fanm ap itilize EC a san danje** pou prevni yon gwasos yo pat vle.
- Anpil fanm aprann tou kijan pou yo sèvi ak grenn planin yo pran chak jou yo kòm EC. Aprann plis nan **www.mariataalks.com/ec-birth-control-pills**.

3 EC travay pou yo anpeche ze yo kite ovè a.

- Menm jan ak grenn planin yo pran chak jou yo, EC ka limenm tou kenbe espèm nan pou l pa rankontre ze a. Men, li pa ka anpeche yon ze ki deja fèt ilize al kole nan anndan matris la.
- EC se pa yon grenn pou jete pitit epi li pap lakoz ou jete pitit la.

Tout fanm gen dwa jwenn grenn EC denojou epi/oubyen yo kapab rele nan nimewo 617-616-1636 pou yo kapab mete pou ou yon IUD sou senk jou.

Mete yon IUD an ijans se metòd EC pi efikas la (99,9% efikas) pou tout fanm. IUD se yon ti dispozitif kwiv oubyen plastik yon founisè swen mete nan matris yon fanm pou anpeche li ansent. Metòd sa a ka sèvi pou jouk 10 zan, oubyen founisè swen an ka wete l nenpòt lè. Pale avèk founisè swen an oubyen rele jodiya menm si IUD a ta yon bon kontrasepsyon pou ou.

4 Gen 2 kalite grenn EC ke FDA bay otorizasyon pou yo itilize.

✓ **ella®** (ulipristal acetate) se **grenn EC ki pi efikas** la e li disponib pou ede moun prevni gwasos **pou premye 5 jou** apre agresyon seksyèl oswa kadejak. ella®:

- **pi efikas nan anpeche gwasos** pase grenn ki gen pwojestin sèlman yo, sitou nan **fanm ki:**
 - peze pli pase 165 liv, oswa
 - fèk genyen oswa pral genyen règ yo nan de semenn, oswa
 - patka jwenn EC avan 3-5 jou (72-120 èdtan) apre agresyon.
- ka rann metòd planin ki gen òmòn yo (tankou grenn, bag, oswa patch) mwens efikas imedyatman apre w fin pran l. Menm jan ak tout EC, ou dwe itilize yon metòd planin siplemantè (tankou kapòt) si l posib jiskaske pwòchèn règ ou kòmanse.

FDA te bay otorizasyon pou itilize ella® nan lane 2010.
Yo bezwen plis rechèch pou yo konnen si fi k ansent oswa k ap bay timoun tete ka pran ella® san danje. Anvan w chwazi ella®, ou ka bezwen fè yon tès gwasos pou w konnen si w pat gentan ansent anvan agresyon an.

✓ **Plan B One-Step®** ak lòt grenn general yo ki koute mwens kòb (se grenn ki gen pwojestin sèlman) **redwi chans pou w ansent pa 88%.** Grenn ki gen pwojestin sèlman yo:

- yo pi efikas pou yo prevni gwasos **nan 3 premye jou yo** apre yon agresyon seksyèl oswa kadejak, men li ka toujou ede redui risk gwasos nan 4èm oswa nan 5èm jou
- **yo gendwa pa osi efikas si ou peze plis ke 165 liv** e yo gendwa pa efikas ditou si w peze plis ke 175 liv.

Rechèch montre ke grenn gen pwojestin sèlman pap lakoz timoun nan fèt ak defòmasyon, epi fanm kap bay timoun tete ka pran li san danje. **Si w vinn wè kew te gentan ansent lè w te pran kalite EC sa a, li pap fè ni oumenm ni gwasos la okenn bagay mal.** Li pap afekte kapasite w pou w vin ansent nan lavni.





Kontrasepsyon an Ijans apre yon Agresyon Seksyèl: Senk Faktè Kle pou Sivivan yo

5 Apre yo fin pran yon EC, kèk fanm ka santi kèk ti efè segondè epi pou yon ti tan.

- Ou ka bay plis oswa mwens san lè w genyen pwochenè règ ou. Pwochenè règ ou ka kòmanse pi bonè oswa pi ta pase lè nòmal la. **Si règ ou gen plis pase 1 semèn an reta, petèt ou ka ansent, epi ou dwe fè yon tès gwosès.**
- Ou ka santi kèk efè segondè tankou kè plen, doulè nan vant, maltèt, fatig ak tèt vire, ki sanble ak efè segondè grenn planin yo pran chak jou yo. **Si w gen gwo doulè nan vant ki dire anpil apre w fin pran EC a, rele doktè w imedyatman.**
- Doktè w la ka ba w medikaman pou ede prevni kè plen an. **Si w vomi nan entèval 2-3 èdtan apre w pran yon dòz EC, rele doktè w la pou w konnen si w bezwen pran yon lòt dòz.**
- Apre w fin pran EC, yo rekòmande anpil pou w itilize si l posib yon metòd planin siplemantè, tankou yon kapòt, jiskaske pwochenè règ ou kòmanse.

Doktè a oswa enfimye a ka reponn nenpòt kesyon ou ka genyen sou EC.



Pa Ret Tann!

Pran EC pi bonè l posib pou prevni gwosès apre yon agresyon seksyèl.

Si ou bezwen èd pou w jwenn Kontrasepsyon an Ijans (EC), ki pa koute chè, oswa lòt sèvis sipò ki konfidansyèl

- Rele yon **Rape Crisis Center (Sant Kriz Kadejak)** nan 1-800-841-8371 (Anglè sèlman) oswa nan 1-800-223-5001 (Panyòl sèlman) oswa al nan **www.survivorape.org**
- Rele **MDPH Family Planning Program** nan 1-617-624-6060 oswa al nan **www.mariataalks.com/find-services**

► **Si w bezwen EC a kounye a**, al nan yon klinik oswa nan yon famasi oswa al chache nan entènèt pou w jwenn grenn yo pa non yo.

- ella® disponib men se avèk preskripsyon yon doktè sèlman. Ou ka al achte ella® pou li rive lakay ou jou apre a pou bon mache nan: **www.ella-kwikmed.com**
- Yo ka vann Plan B One-Step® bay nenpòt ki moun ki gen nenpòt laj nan majorite famsi yo. Famasi yo ka vann grenn pwojestin sèlman pou bon mache tou (grenn san mak) san w pa bezwen gen preskripsyon.
- Anpil famasyon nan Massachusetts resevwa fòmasyon pou yo bay tout fanm EC. Moun ki gen **mwens ke 17 an** oswa ki pa gen yon pyès idantifikasyon valab, ni yon preskripsyon, ka jwenn EC nan **www.mariataalks.com/ec-pharmacies**



Sonje: *lalwa egzije lopital yo ki gen Depatman Ijans yo pou yo ofri EC a fanm yo ki vin chache swen apre yon agresyon seksyèl, menm si fanm nan pat ranpli kesyonè moun yo fè kadejak sou yo a ranpli a oswa yo pat pote plent nan lapolis sou agresyon an. Si doktè Depatman Ijans la pa panse w ap ka pran EC a san danje, ou ka mande pouki. Yo dwe dokimante yon vrè rezon medikal e ki egzist nan dosye w.*

Si yo pat ofri w EC lè w tal nan ED a, oswa yo te di w ou bezwen pou w ranpli yon rapò lapolis oswa kesyonè pou moun yo fè kadejak sou yo, ou ka pote yon plent fòmèl siw rele **MDPH Division of Health Care Quality** nan **1-800-462-5540**.

